# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

# दाऊद, एगो चरवाहा लइका



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Lazarus

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Ruth Klassen

कहानी 19 से 60

**www.M1914.org**

***Bible for Children***, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada

अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

Bhojpuri

बहुत समय पहिले, इस्राएल क राजा शाऊल की दिन में, दाऊद नाम क एगो लइका अपनी सात भाइन की संगे अपनी बाबू जी की भेड़न क रखवाली करे में मदद करत रहल। हालांकि उ सबसे छोट रहल, पर दाऊद, एगो मजबूत, बहादुर अउर परमेश्वर के पीयार करे अउर उन पर भरोसा करत रहल। उ सब बेथलहम की एगो शहर में रहत रहलें।



1

एक दिन एगो शेर छोटका मेमना के खाये खातिर झुंड पर हमला कइलस। बालक दाऊद हमलावर पर हमला कर दिहलन। मेमना के बचवला की बाद, उ ओ के भयावह गरजे वाला जानवर की जबड़ा के पकड़लन अउर ओ के मार डललन। दाऊद के पता रहल कि परमेश्वर उन के मदद करे लें।



2


शमूएल, परमेश्वर क भक्त, अभी भी राजा शाऊल से दुःखी रहलन, जे ख़राब तरह से परमेश्वर की योजन के विफल क दिहले रहलन। परमेश्वर शमूएल के डटलें, "कब तक तू शाऊल की खातिर शोक करबअ?" "हम तोहके यिशै की पास भेजत बानी ... काँहे से कि हम उनकी बेटन में से एगो के राजा चुन ले ले बानी" यिशै दाऊद क बाप रहलन।
3


हालांकि शमूएल के ई पता रहल कि यदि उ नाया राजा की तलाश में जइहन त, राजा शाऊल उनके जान से मार सकत बाने, फिर भी पैगंबर परमेश्वर क बात मनलें।
4


जब शमूएल उहां पहुँचलन, यिशै अपनी सातों लइकन के शमूएल की सामने आवे खातिर कहलें। शमूएल यिशै से कहलन, "यहोवा इन में से केहू के नेइखन चुनले" अब खाली दाऊद, सबसे छोटका बेटा बच गइल रहलन। उ भेड़न की साथ बाहर गइल रहलन। दाऊद के अंदर लियावल गइल। अउर यहोवा कहलें, "इहे हउवन, उठअ, उनके अभिषेक करअ"।
5


शाऊल की महल में से प्रभु क आत्मा शाऊल के छोड़के चल गइल अउर अब उ एगो बहुत परेशान मनुष्य हो गइलन। उनकर कर्मचारी लोग सोचलें शायद बढ़ियाँ संगीत शाऊल की मन के स्थिर कर सके ला। ओ में से एगो, कवनो युवक के जानत रहल जे बहुत बढ़ियाँ तरह से वीणा बजावल जानत रहलन। आप के का लागत कि उ युवक के रहल, अनुमान लगाइं? हँअ, उ दाऊदे ही रहलन।
6


दाऊद क संगीत शाऊल के शांत कइलस अउर सही सोचे की खातिर उनके मदद कइलस। शाऊल यिशै से दाऊद के राजा की सेवा में रहे खातिर माँग कइलन। जब कभी भी शाऊल के उदासी या डर क दौरा पड़े, दाऊद उनकी खातिर वीणा बजावें जे से शाऊल के बड़ा मदद मिलल।
7


जब दाऊद अपनी घरे चल गोइलन तब, शाऊल पलिश्तियन की संगे एगो बड़ लड़ाई लड़लन। दाऊद क भाई शाऊल की सेना की ओर से लड़लें। यिशै दाऊद के उनकरी भाई लोग की लगें भेजलें ताकि उनकी खातिर उ खाना ले जावें अउर पता लगावें कि उ लोग लड़ाई की मैदान में कइसन बाने।
8


एगो विशाल पलिश्ती … विशाल, गोलियात, सब इस्राएली सैनिकन के डेरा दिहले रहल।
9
"अपनी खातिर एगो आदमी के चुन लअ लोग, अउर ओ के हमरी पास आवे दअ जा!" गोलियात चिल्लाइल। यदि उ हमरी संगे लड़ के हमके मार डाली, तअ हमनी क सब केहु हमेशा की खातिर तोहन लोग क गुलाम हो जाइब जा। लेकिन यदि हम ओ के मार डालब, "तब तू सब हमनी क नौकर अउर हमेशा सेवा करिहअ जा।" इस्राएल के सब पुरुष लोग
जब ओ के देखलें, ओ विशाल आदमी के देख के ओकरी पास से भाग गइलें अउर बहुत डेराये लगनें।
10
तब दाऊद शाऊल से कहलन, "ओकरी कारन एतना डेरइला क बात नेइखे, अपनी ए दास के जाये देइं, हम ए पलिश्ती की साथ लड़ब।" शाऊल चाहत रहलन की दाऊद कवच पहिने अउर एगो तलवार की संगे जॉव। एकरी बजाय, दाऊद अपनी गोफन के लिहलन अउर नाला में से पांच चिकन पत्थर उठवलें।
11
जब बालक दाऊद के गोलियात बिना कवच क देखलस, तब उ हँसे लागल। उ गरजते हुवे कहलस, "हम आकाश की पक्षियन अउर मैदान की पशुवन के देह शरीर खाये खातिर दे देइब!" दाऊद जवाब दिहलें, "हम तोहरी पास प्रभु यहोवा की नाम से आवत बानी!" "आज की दिन यहोवा तोहके हमरी हाथ में कर दिहन... काँहे से कि ई लड़ाई यहोवा क हअ!"
12
तब दाऊद सीधे गोलियात की ओर भगलें। दउरते हुवे, उ एगो पत्थर निकाल के अपनी गोफन से - गोलियात के माथा में मरलें। गोलियात चित्त गिर गइल!
13
दाऊद जल्दी से गोलियात क विशाल तलवार खींच के ओकर सिर काट के अलग कर दिहलन। जब पलिश्ती गोलियात के मूवल देखलें, उ अपनी जीवन के बचवे खातिर भाग गइलें।
14













दाऊद, एगो चरवाहा लइका

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

1 शमूएल 16-20

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !